

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Karya sastra, utamana wangun novel, tétéla nyadiakeun sagala rupa kamungkinan nu lain wungkul pikeun nyumponan pangabutuh hiburan pamacana, tapi ogé keur kapentingan nu leuwih jauh ti éta, di antarana geusan meunangkeun luang nu salega-legana pigeusaneun dijadikeun papagon dina ngambah kahirupan boh winangun picontoeun boh winangun pieunteungeun. Lain pasualan babari kituna téh. Diperlukeun tarékah nu tangtu tur seukeut dina niténan sagala kamungkinan nu disadiakeunana.

Salah sahiji tarékah nu dilakukeun téh nya éta ngainterprétasi téks boh sagemblengna boh sabagian. Prosés interprétasi nu dimaksud téh dina enas-enasna mah minangka alat pikeun nyaliksik eusi-eusining téks luyu jeung tujuan nu geus dirarancang saméméhna. Dina prak-prakanana, interprétasi téh ngurung sababaraha tilikan, babaran, jeung guaran ngeunaan unsur-unsur, struktur, téma, tur kapunjulanana. Lian ti kitu, pagawéan interprétasi mah nya éta pikeun mukakeun bagian-bagian téks nu karasana samar, nyamuni, atawa ngandung perlambang.

Dina émprona, interprétasi téh biasana mah dibarengan ku téori (pésó analisis) tur pamahaman nu geus nyampak di unggal interpréter nu diluyukeun jeung tujuan nu hayang dihontal. Salah sahiji pamarekan nu digunakeun nya éta psikologi sastra. Tujuan utamana taya lian ti pikeun ngaguar unsur-unsur psikologi dina hiji karya

sastra nu témbong dina ucapan, pikiran, jeung paripolah parapalakuna. Sanggeus kitu, data-data nu ngébréhkeun unsur-unsur psikologi téh dianalisis ngagunakeun téori psikologi aliran éksisténsial tur didéskrripsikeun hasilna. Anapon puseur panalungtikanana nya éta kapribadian jeung panyakit kajiwaan nu dialaman ku parapalaku dina novel *Asmaramurka* jeung *Bedog Si Rajapati* nu dikarang ku Ahmad Bakri.

Hasilna, unsur-unsur kajiwaan parapalaku piksional dina éta novel téh mgawengku dua struktur, nya éta struktur batin (kapribadian) jeung struktur lahir (paripolah).

Struktur batin palaku dina novel *Asmaramurka* jeung *Bedog Si Rajapati* nuduhkeun pisan pasipatan jeung kapribadian ilaharna manusa. Kapribadian manusa nu hayang sampurna tapi teu sampurna, nu terus-terusan ngalaman parobahan, bébas tapi gumantung, jrrd.

Aya palaku nu kapribadianana panceg, ti mimiti ngalalakon nepi ka carita wekasan téh manéhna mah digambarkeun boga pasipatan kitu, teu robah-robah. Kamungkinan-kamungkinan nu disadiakeun ku lingkungan teu pati mangaruhan kana kajiwaan maranéhna. Dina harti, manéhanana mah geus boga standar paripolah nu ajeg. Sok sanajan dioyag-oyag ku rupaning pasualan, manéhna teu ieuh robah. Conto palaku nu ngabogaan sipat kitu di antarana Jaén.

Sabalikna, aya ogé palaku nu teu panceg. Pribadi jeung sipatna luak-léok, teu puguh tatapakan. Jalma-jalma nu ngabogaan karakter kitu mah gedé pisan dipangaruhan ku lingkunganana téh. Pangaruh *rangsang*, jeung stimulus diréspon

sacara réaktip ngagunakeun émosi bari jati dirina salaku manusa mah dipopohokeun. Wajar ari kituna inah, maranéhanana keur ngalaman naon nu disebut psikodinamika. Hiji kaayaan barobahna *psyche* manusa alatan rupa-rupa kajadian psikologis nu dialaman ku maranéhanana. Kituna téh aya nu tutuluyan dina pribadi robahanana aya ogé nu ngarobah deui pribadi robahan saméméhna. Nu disebutkeun pandeuri gedé kamungkinan ngarasa teu cocog kana pribadina, ku lantaran kitu manéhna ngarobah deui kana pribadi nu sakirana cocog jeung pamilihna.

Ilaharna parobahanana téh balik deui kana pribadi mimiti, pribadi normal nu saméméhna geus jadi kapribadian nu napel dina diri. Conto palakuna di antarana Amin jeung Imas. Prosés psikodinamika leuwih gedé dialaman ku jalma-jalma nu sarupa kitu. Lian ti kitu, maranéhanana ogé boga kahayang jeung kakuatan pikeun robah tina hiji kaayaan nu teu dipikaresep, sedengkeun nu tutuluyan mah ngébréhkeun kateumampuh jeung kateuhayang maranéhna pikeun robah, pikeun mulang kana posisi normal, kana posisi saméméhna nu dianggap bener. Conto palakuna nya éta Nonoh, Émah, Si Boyoh jeung Si Asih, jrrd.

Anapon struktur lahir palakuna ogé dinamis, terus-terusan ngalaman parobahan. Aya nu robah jadi bener pon kitu deui aya nu robah jadi salah. Parobahanana dipangaruhan ku rupa-rupa kajadian nu ngaganggu kajiwaan maranéhna.

Kajadian-kajadian kajiwaan nu ngaganggu téh lolobana mah winangun cinta, birahi, tur amara nu ngagalura minuhan haté maranéhna. Lantaran dipegat duriat, lantaran ditampik sapamaksudan, lantaran teu bisa ngabudalkeun birahi, paripolahna

gé robah nu ahirna nyababkeun jiwa maranéhna ogé kaganggu. Dina harti, palaku nu robah kapribadian tur ngalaman kasakit jiwa téh dilantarankeun ku leungitna kabutuh dasar maranéhanana. Éta hal téh dikuatkeun ku kasang tukang séjén, saperti kendor na iman, poho kana jati diri, jrrd.

Wangun gangguan nu dialaman ku parapalakuna rupa-rupa, tapi sacara gurat badag mah bisa dipasingkeun jadi dua wangun. Nya éta gangguan émosi jeung gangguan méntal. Gangguan émosi bisa mangrupa gangguan persépsi, gangguan orientasi, atawa gangguan-gangguan séjén nu nyerang émosi hiji jalma. Sedengkeun gangguan méntal mangrupa kumpulan sababaraha gangguan émosi nu teu bisa diungkulan. Wangun kongkritna nya éta owah.

Dina nyanghareupan éta gangguan, aya palaku nu bisa ngaréngsékeun tur aya ogé nu teu bisa ngaréngsékeun. Conto palaku nu bisa ngaréngsékeun/ngubaran panyakit-panyakit jiwa di antarana nya éta Amin. Manéhna mah bisa ingkah tina kaayaan nu nalikung jiwana pikeun mulang kana posisi normal, sedengkeun conto palaku nu teu bisa ngaréngsékeun/ngubaran kasakit jiwana di antarana Nonoh, Émah, jeung Isah. Maranéhanana mah terus-terusan dikukuntit ku éta panyakit. Malah bisa disebutkeun jiwana dikawasa ku panyakit. Ku lantaran teu bisa nyingkahan, sabagian palaku aya nu tuluy owah, contona Nonoh. Gangguan-gangguan nu dialaman ku manéhna geus teu bisa dikadalian deui. Aya ogé sabagian palaku nu milih jalur alternatif ku cara mungkas laju kahirupan. Émah salah sahiji contona.

## 5.2 Saran

Sangeus réngsé ngainterprétasi palaku dina novel *Asmaramurka* jeung *Bedog Si Rajapati* maké péso psikologi éksisténsial, tétéla gedé pisan mangpaatna, hususna keur panulis. Di antarana baé lian ti wawuh kana dunya batin Ahmad Bakri salaku pangarangna ogé wawuh kana dunya nu diciptakeunana, karya (téks).

Tina wawuhna jeung dunya batin pangarang, pamaca bisa nyindekkeun pangaresep, idéalisme, jeung gaya nulis pangarang. Lian ti éta, ku digunakeunana pamarekan psikologi éksisténsial, pamaca bisa meunangkeun luang psikologis nu bakal dijadikeun eunteung atawa conto dina ngambah kahirupanana.

Ku lantaran kitu, dumasar mangpaat nu geus karasa ku panulis, bawirasa aya sababaraha saran nu perlu ditepikeun ka pihak-pihak nu boga kapentingan. Di antarana baé:

- a. keur lembaga jurusan sastra boh Daérah boh Indonésia. Perlu nyadiakeun rohing interprétasi keur paramahasiswa sangkan bisa nyawang jeung ngainterprétasi karya sastra dumasar sawangan/pésó analisis nu salega-legana. Tujuanana taya lian ti pikeun ngeuyeuban jeung ngaramékeun kahirupan dunya sastra nu multidisipilner tur *polyinterpretable*;
- b. keur paramahasiswa Jurusan Basa jeung Sastra, boh Daérah boh Indonésia. Diperlukeun ayana panalungtikan sastra lanjutan nu museurkeun perhatianana kana karya sastra tur ngagunakeun tilikan psikologi. Sababaraha aliran psikologi siap sadia geusan dijadikeun péso dina nganalisis *enas-enasna* hiji karya sastra, jeung;

- c. keur masarakat pamaca, utamana masarakat pamaca karya sastra Sunda. Novel *Asmaramurka jeung Bedog Si Rajapati* bisa dijadikeun luang nu aya guna tur mangpaatna keur kahirupan manusa di alam dunya.

